



## Fè yon Chèdèv

### Abiye Nounous Bèt ou

Fè yon nouvo ti rad pou nounous bét ki favori'w. Sèvi ak imajinasyon'w ak varyete yon materyèl kreyatif pou desine e konstwi yon kostim spesyal pou ti bét ou an.

#### Materyèl ki Sigjere:

- Ti moso twal
- Riban/fil
- Bouton oubyen pèl
- Vèlkro, pwen lakòl, lakòl likid
- Egwi pou koud plastik (oubyen vrè egwi pou timoun ki pi gran oubyen ak sipèvizon granmoun pou timoun ki pi piti)
- Sizo
- Règ oubyen tèp mezi
- Nounous favori'w



#### Konsèu pou fè Kostim:

- Si w'ap fè yon kostim ki pi gwo k'ap vlope tout nounous lan, sèvi ak yon règ pou mezire nounous lan e kreye yon modèl de baz. Sa ap ede'w pou konnen ki kote pou koupe tèt la, bra yo, pye yo, oubyen two pou ke li.
- Kenbe li senp. Petèt kòmanse ak yon eleman tankou yon chapo oubyen yon kap. Ou kapab toujou ajoute sou rad nounous lan ak le tan.
- Ak èd yon granmoun, pratike konpetans koud ou ak vrè egwi ak fil. Timoun ki pi gran kapab ka fè li poukонт yo.
- Panse a ki lòt bagay ou kapab fè rad avè'l. Petèt yon answen mayo, sèvyèt papye, oubyen bagay de poubèl resiklaj lan?

#### Kisa pou fè:

- Deside ki tip de kostim oubyen eleman kostim ke ou vle fè.
- Selekte gwosè twal apwopriye.
- Mete twal lan play sou yon tab, mezire, e sèvi ak yon makè oubyen yon kreyon pou kreye yon kontou de kote ou vle koupe - kreye yon modèl de baz.
- Koupe fòm ke ou vle an.
- Eksperimante ak mete diferan kouch twal sou lòt.
- Koud, mare, oubyen kole pyès ou chwazi yo pou kenbe yo ansanm.
- Selekte bagay adisyonèl pou ajoute sou kostim lan: riban, bouton, pèl, etc.

